

# **TIMOUN MWEN AN NAN SITIYASYON KRIZ! KIYÈS POU M RELE?**

**SI GEN BLESE OSWA MENAS POU BLESE, RELE 911**

Si timoun ou an te afekte ak depresyon, chòk, vyolans, konpòtman dezobeyisan, ak/oswa itilizasyon dwòg oswa alkòl, rele Sistèm Swen Timoun nan NJ (NJ Children's System of Care) nan 1-877-652-7624. Yo louvri 24/7/365.

## **Kisa Sistèm Swen pou Timoun lan ye?**

Se sistèm sante konpòtmantal nan New Jersey gratis oswa ak pri ki ba pou timoun jiska laj 21 lane. Li bay jèn ki kalifye yo aksè kowòdone ak soutyen pou sante mantal, tretman pou itilizasyon sibstans ak sèvis pou andikap entelektyèl oswa devlopmantal.

**Sa ka gen ladan I:**

- **Sèvis mobil Entèvansyon ak Estabilizasyon (Mobile Response and Stabilization Services, MRSS), bese tansyon yon sitiayson an tan reyèl ak konsèy pou sitiayson kriz avèk yon klinisyen lakay ou oswa nenpòt kote.**
- **Evalyasyon Byo-Sikososyal (BioPsychoSocial, BPS)** se evalyasyon yon klinisyen lisansye fè yon sèl fwa nan kay pou detèmine si timoun ou an ka jwenn yon avantaj nan soutyen ak sèvis pou konpòtman.
- **Òganizasyon Jesyon Swen (Care Management Organization, CMO)** konekte fanmi yo nan sèvis tretman pou jèn ki montre/gen gwo enkyetid emosyonèl ak nan sante konpòtmantal.
- **Sèvis Entansif Lakay (Intensive In-home Services, IIS)**, fèt pou konsantre sou konpòtman yo kote yo dewoule — nan kay la, nan kominate a oswa nan lekòl. Li ka gen ladan I seyans endividéyèl, an gwoup ak an fanmi.

## **Konbyen sèvis yo koute?**

Sèvis ki rekòmande ak otorize yo peye apati divès kalite sous, tankou Medicaid, NJ FamilyCare, ak asirans komèsyal oswa peman pèsonèl. Yo pral mande fanmi yo pou yo bay enfòmasyon sou asirans.

## **E si mwen vle tretman andeyò lakay (rezidansyèl oswa kay an gwoup) pou timoun mwen an?**

Pi bon pratik nasyonal la se pou desèvi jèn yo lakay yo ak nan kominate yo. Tretman andeyò lakay anvizaje kòm yon dènye solisyon epi yo chèche l sèlman apre yo fin sèvi ak tout efò yo nan yon plan ki baze nan kominate a.

